



Pou Piblikasyon Imedya: 17/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE APLIKASYON GRATIS POU EGZAMEN FONKSYON  
PIBLIK POU POUSWIV KARYÈ NAN FÒS DE LÒD YO**

*Aplikasyon yo ka aplike [sou entènèt](#) pou pran egzamen an gratis jiska 14 out*

*Yo prevwa apeprè 150 pozisyon nan nivo antre nan fòs de lòd yo nan DEC, Pak  
Eta, SUNY, nan tout eta a pandan ane k ap vini an*

*Egzamen an te itilize tou pou konble pozisyon nan departman polis minisipal ak  
biwo cherif yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke peryòd aplikasyon an ouvri kounye a pou egzamen fonksyon piblik nan nivo antre nan fòs de lòd Eta New York. Egzamen an se pou aplikasyon ki enterese, kalifye k ap chèche yon pozisyon nan Empire State nan Departman Prezèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC), Biwo Pak, Lwazi, ak Prezèvasyon Istorik Eta a (Office of State Parks, Recreation, and Historic Preservation), ak State University of New York (SUNY). Kandida ki kalifye yo ka [aplikasyon sou entènèt](#) jiska 11:59 p.m. EST nan 14 out 2024, pou pran egzamen an, ki pwogram pou otòn lan. Pa gen okenn frè pou pran egzamen an paske yo anile tout frè aplikasyon pou egzamen eta a jiska desanm 2025 apre yon akò Gouvènè Hochul te garanti nan bidjè ane fiskal 2024 la.

"Ofisye fòs de lòd New York yo bay sèvis esansyèl ki kenbe lekòl nou yo, vwazen nou yo ak kominote nou yo an sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apati jodi a, Nouyòkè k ap chèche fè yon enpak pozitif ka aplike pou egzamen fonksyon piblik gratis pou rantre nan ran yo epi kontinye travay nou pou fè New York vin pi an sekirite nan nasyon an."

Moun ki enterese pou yo konsidere yo pou pozisyon nan fòs de lòd la pou nivo antre nan gouvènman eta a, dwe reponn ak kalifikasyon minimòm yo dabò pou pòs la oswa pòs li enterese yo epi enskri pou egzamen fonksyon piblik lè li soumèt tout enfòmasyon yo mande yo anvan 14 out [isit la](#). Y ap bay egzamen an, ki se yon tès chwa miltip, pandan sezon otòn. Tout kandida ki kalifye yo ka pran egzamen nan nivo antre pou fòs de lòd Eta New York la ap resevwa yon avi admisyon pa lapòs apeprè de semèn apre dat tès alekri a. Avi admisyon an ap bay kandida a detay sou kilè ak ki kote yo

pwograme pou vini, ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan. Kandida yo ap resevwa yon imel rapèl anvan egzamen an.

Egzamen nan nivo antre fòs de lòd la se pou konble pòs sa yo nan chak ajans:

- DEC - Estajye Ofisye Polis Prezèvasyon Anviwònmantal 1 ak Gad Forestye 1
- Pak - Estajye Ofisye Polis Pak
- SUNY - Ofisye Polis Inivèsite 1

Yo pral sèvi ak egzamen an tou pou anboche Ofisye Lapolis ki gen konpetans nan lòt lang, tankou Chinwa, Kreyòl, Italyen, Koreyen, Manyèl Kominikasyon (Lang Siy), Ris ak Panyòl. Pandan egzamen sou entènèt la se nan lang angle, moun ki gen konpetans nan yon lòt lang pral oblije pase yon egzamen konpetans nan lang nan moman anbochaj la. DCS estime gen 150 pozisyon ke y ap konble nan nivo antre nan fòs de lòd la pandan ane k ap vini an.

Egzamen an ap itilize tou pou egzamen lokal yo konble pozisyon nan departman polis minisipal ak biwo cherif yo. Ofisye lapolis yo ak cherif adjwen yo ka sèvi kominote yo nan yon varyete travay tankou patwouy, patwouy maren, inite k-9, medsin legal, envestigasyon, sekirite trafik ak plis ankò. Kandida ki enterese paran egzamen lokal pou departman polis minisipal ak biwo cherif yo ta dwe aplike dirèkteman atravè ajans fonksyon piblik lokal la. Yon lis egzamen nan nivo antre pou fòs de lòd lokal k ap fèt yo disponib [isit la](#).

**Komisè Departman Fonksyon Piblik la (Department of Civil Service, DCS) Timothy Hagues, te deklare,** "Ofisye fòs de lòg yo gen kèk nan travay ki pi difisil, men ki pi rekonpanse, nan Eta New York. Se yon travay kote ou ka fè yon diferans reyèl nan nivo ki pi piti yo, epi pozisyon sa yo pwoteje non sèlman resous espesyal ak enstitisyon Nouyòkè yo, men tou bagay ki fè Empire State pi gran: pèp nou an. Nan efò enpòtan nou avèk ajans patnè nou yo pou rekrute fonksyonè piblik ki reflekte epi satisfè bezwen kominote Empire State yo, mwen ankouraje Nouyòkè ki kalifye epi ki enterese ki gen divès orijin pou aplike jodi a."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Premye priyorite SUNY ak ki pi enpòtan se bay yon anviwònman ki an sekirite ak akeyan pou etidyan nou yo pwospere, epi Ofisye Departman Lapolis Inivèsite nou yo se yon pati enpòtan nan travay sa a. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo aplike epi pou yo pran egzamen an pou yo ka rantre nan ran UPD a epi kontribiye nan byennèt etidyan SUNY yo."

**Komisè pa Enterim Departman Prezèvasyon Anviwònmantal la, Sean Mahar, te deklare,** "Ofisye Polis Konsèvasyon Anviwònman ak Gad Forè DEC yo sèvi nan premye liy yo pou pwoteje anviwònman, resous natirèl ak kominote New York yo, epi atravè sipò ak lidèchip Gouvènè Hochul, n ap devlope fòs nou yo alavni. Mwen ankouraje tout kandida ki elijib yo pou yo pran egzamen fonksyon piblik nivo debitan

pou fòs de lòd Eta a epi pou yo rantre nan ran Gad Forè ak ECO yo respekte nan efò nou pou pwoteje Nouyòkè yo ak anviwònman nou an."

**Chèf Lapolis Pak Eta New York la, Michael Daddona, te deklare,** "Lapolis Pak Eta New York la se yon Divizyon Fòs de Lòd ki byen antrene, espesyalize nan Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik. Ofisye ki fòm nan akademi nou yo devwe pou bay sèvis lapolis total pou sipòte misyon ajans lan ansanm ak asire opòtinite lwazi san danje epi agreyab pou rezidan ak vizitè Eta New York. Lapolis Pak la opere nan yon bann kalite lokal – soti nan zòn iben ki gen anpil moun ak plaj popilè oseyan yo rive nan zòn natirèl ak zòn ki gen tèren difisil. Karyè nan fòs de lòd yo pote rekonpans e nou akeyi aplikan yo pou sèvi nan pozisyon esansyèl sa yo."

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Kounye a se yon bon moman pou nou rejwenn mendèv Eta New York epi mwen sipòte ak tout kè m efò pou konstwi yon ekip fòs de lòd ki divèsifye ak enklizif ki reflekte kominote nou yo. Mwen ankouraje Nouyòkè ki elijib yo pou yo aplike epi fè pati sèvis piblik enpòtan sa a."

**Cherif Konte Delaware, Prezidan Asosiyasyon Cherif Eta New York yo, Craig DuMond, te deklare,** "Nou ankouraje tout moun ki enterese nan yon travay ki rekonpanse pou yo enskri pou egzamen sa a. Li se premye etap nan direksyon sa ki ka yon karyè satisfèzan ak respekte. Nou konnen gwo majorite Nouyòkè yo sipòte, respekte, ak apresye cherif adjwen yo ak lòt ofisye fòs de lòd ki travay pou pwoteje kominote yo: fè pati pwofesyon nòb sa a."

**Direktè Egzekitif Asosiyasyon Chèf Lapolis Eta New York (New York State Association of Chiefs of Police) la ak Chèf Lapolis Grèk ki Retrete, Patrick D. Phelan, te deklare,** "Kounye a plis ke jamè, nou gen gwo bezwen bon kalite aplikan pou pozisyon ofisye lapolis la. Egzamen fonksyon piblik nivo antre Eta New York la bay rezidan nou yo yon opòtinite pou aplike pou pozisyon sa yo epi pwofite opòtinite pou sèvi kominote yo epi ede kenbe yo an sekirite. Nou espere ke moun yo pral pwofite opòtinite sa a pou yo rejwenn nou nan pwofesyon nòb fòs de lòd la epi fè yon diferans nan kominote w yo."

Nan kad lansman egzamen nan nivo antre fòs de lòd yo, Eta New York pral ankouraje egzamen an atravè kanpay sou rezo sosya epi te prepare videyo ak yon paj entènèt pou sa pou ede atire kandida yo pou aplike pou egzamen an.

Gade plis [kontni sou kanpay ak lòt enfòmasyon](#), ki gen ladan yon gid tès pou prepare aplikan yo pou egzamen an, ak aprann plis sou kijan pou travay pou Eta New York ak kijan pou franchi pwochen etap pou fè yon karyè ki gratifyan nan fonksyon piblik lè w vizite sitwèb Depatman Fonksyon Piblik la epi swiv Depatman an sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#), ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)